ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

АДЫГСКОЕ СЛОВО

КъБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭХЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№69 (22.227) ● 2012 гъэм мэлыжьыхьым (апрелым) и 18, бэрэжьей ● Тхъэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр соми 3-щ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● КъБР-м и Парламентым

Къэбэрдей-Балъкъэрым и зыужьыкIэм къыкIэлъоплъ

Чеченов Ануаррэ Радвани Жанрэ

КъБР-м и Парламентым и Унафэщ Чеченов Ануар иджыблагъэ хуэзэщ Франджы-урысей кьэхутэныгъэхэмкIэ центру Москва дэтым и унафэщ, географие щIэныгъэхэм я доктор Радвани Жан.

ХьэщIэМ фIэхъус псалъэхэмкIэ зыхуигъаэзэри, спикерым кьыхигъэщащ ди республикэм ис лъэпкъхэр хьэщIэкIэ зэрыфIыр, ди деж кьакIуэжэм ахэр сытым дежи зэращыгугфIыкIыр.

Зиусхьэн Радвани кьигъэльэгъуащ езым и щIэныгъэ къэхутэныгъэхэр Кавказым и географием зэрытеухуар. Ящэ дыдэу ар КъБР-м 1974 гъэм кьэкIуауэ щытащ, илъэс эыбжанэ нэхъ дэмыкIыу, аргуэру кьытригъэзэжащ.

«Ди цIыхухэм зэрыжаIэмкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэрым зэ щIэм Iэмал имыIэу кьытригъэзэжьынущ», - жиIащ Чеченов Ануар.

Республикэм иджы щыщыIэну зэманым кьурыбыдэу Радвани Жан и мурадщ КъБР-м и агропромышленнэ, экономикэ, турист-рекреацэ IэнатIэхэм я кьуэу щыгъуазэ зищIыну. Абы ипкъ иткIэ, ар ди деж кьызэрысу Iуащьэмахуэ лъапэ щыIащ.

«70 гъэхэми сэ Iуащьэмахуэ лъапэ сыщыIаущ щытащ. Абы лъандэрэ зэхъуэжIыныгъэ куэд кьэхъуащ, ауэ зызымыхъуэжа IэнатIэхэри щыIэщ. Псалъэм папщIэ, Чегет бгым дэкI кIапсэ гъэзгур япэми зэрыщытам хуэдэщ», - кьыхигъэщащ Радвани Жан.

Ар щIэупщащ КъБР-м туризмым зыщыгъэжьыныжьмкIэ щыIэ Iэмалхэм спикерыр зэреплъым. Чеченов Ануар кьызэрилытэжмкIэ, туризмым зыпхуегъэужьыкуэным абы и идкыжьей инфраструктурэ зэтемыувауэ: «КьыхэзгъэщхьэхукIыну сыхуейщ федеральнэ, щыналъэ унафэщIхэм ирагъэкIуэкI лэжьыгъэшхуэм и фIыгъэкIэ, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и экономикэм цIыхухэм я псэукIэми псынщIэу зэрызахьуэжыр. Дэрэ дыхущIокIу а зэхъуэжIыныгъэхэм яхуэфащэн хабзэ пьэбжьыхэр зэрызэтедгъэувэным. Ди цIыхухэр гуащIафIэщ, акъыл ябгъэдэлъщ, зэкъуэтщ, щIэр псынщIэу кьапхьуатэ, абы кьыхэкIыу сыт хуэдэ кьалэнми пэльэщынущ.

Радвани Жан нэхъ зытегуэзвыхьахэм ящыщщ республикэм щIы Iэхъур зэрыщыдгъэкIыр. «Дэ Iуащьэмахуэ лъапэ щыпсэуэхэм дыIущащ. Абыхэм ящыщ куэдым кьызэралытэмкIэ, щIыналъэм зегъэужьыныр зэтезыбгъэ щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэхэм ящыщщ щIыр унеиуэ зэрамыгуэшыр», - жиIащ географым.

Абы и жэуапу Чеченов Ануар кьигъэльэгъуащ Совет Союзым и лъэхъэнэм ди кьэралыр нэгъуэщI жьылагъуэ экономикэ псэукIэм зэритар. «Европэм и кьэралхэр капитализмым илъэс Iэджэкlэ хуэжIауащ, экономикэри, социальнэ Iэнатlэри, нэхъыщхьэ дыдэр арщи, цIыхухэм я зэхэщIыкIри апхуэдэ псэукIэм зэрыхэзгъэным мыпIащIэурэ хуауэнэтIу. А псоми зэманышхуэ токIуадэ. Дэ иджыри зэфIэдгъэкIакьым 90 гъэхэм едгъэжьа зэхъуэкIыныгъэхэр. ЦIыхухэм я зэхэщIыкIым зихьужьхьэм хуейщ, абы и уэжьIэщ зыхуэфащэ реформэхэри нэгъэсауэ щыпхьыкIынур», - кьыхихгъэщхьэхукIащ спикерым.

ПыухьыкIауэ щIы Iэхъум щытепсэлъыхьым, спикерым жиIащ, гува-щIэхами, щIыр уней мылъку зэращIынур быдэу и фIэщ зэрыхьур. «Аущ ди республикэм щIыр кьызэрелэжщIкIым кьыхэкIыу, дэ мы Iэхъум иясуIэ сакьыу дыбгъэдохьэ. Республикэм и Iэтащхьэр КъБР-м законхэр кьыдэзыгъэкI и органым щыгъуу йолажь нэхъ кьезэгъыну хэкIыпIэхэр кьэлъыхьуным. Мы Iэхъум теухуауэ зэакьылэгъуныгъэ щыIэкъым, уеблэмэ цIыхухэр кьыщызэрыIэт кьэхъуащ. Ауэ иджыпсту плъапIэ гуэрхэр щыIэ хьуа хуэдэщ. Сэ сыщогугъ 2014 гъэм и кIэм нэсыху Iэхъум кьеозэгъын хэкIыпIэхэр кьэдгъэуэтыну», - жиIащ и псалъэр щиухым Чеченов Ануар.

Франджы-урысей кьэхутэныгъэхэмкIэ центрым кьыкIа гупыр махуэ гъунэгъуэхэм кьурыбыдэу республикэм и агропромышленнэ Iэхъущ1апIэ нэхъ ин дыдэхэм я лэжьыгъэм еплъынущ.

ТОЛАСОВЭ Екатеринэ.

● Егъэджэныгъэ

Республикэм и пщэдейр зыгъэнахуэ

Къэбэрдей-Балъкъэр кьэрал мэкъумэщ академием махуэку кIуам Iуэху дахэ щекIуэкIащ. Школхэм, щIэныгъэ куэрыт, нэхъыщхьэ щыгъэгъэгъуэт еджапIэхэм щIэс ныбжьыщIэ зэчинфIэхэмрэ фIыуэ еджэхэмрэ «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ кьудамэм кьыбгъэдэкI стипендиехэр зы илъэскIэ зэрыратыну сертификатхэмкIэ яхуэунсащ.

ХАБЗЭ зэрыхъуам тету, 2002 гъэ лъандэрэ, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ кьудамэм и политсоветым унафэ кьыщтауэ, нэхъыфIу еджэ, нэхъ жьыджэр щIалэгъуалэм илъэскIэ ят стипендие яхуегъэзыв. Абы ипкъ иткIэ, КъБР-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, кьэрал еджапIэ нэхъыщхьэхэм, ЕгъэджэныгъэмкIэ кьалэ, район департаментхэм, партым и кьудамэу куейкэм щыIэхэм я лIыкIуэр зэчэнджэщри, 2011-2012 гъэ еджэгъуэм политикэ партым и стипендиер хуэфащэу кьаутыпащ ныбжьыщIэ 47-м. Абы хохьэ курыт щколхэм щIэс сабий 33-р (сом 350-рэ), курыт щIэныгъэ щызрагъэгъэт зэрыгъэпIэм и зы студент (сом 600), щIэныгъэ зэпхьыщхьэ щызрагъэгъэт еджапIэхэм я студент 13 (сом 900) - ахэр щIэныгъэ нэхъыфI кьэзыгъэльагъуэхэрщ, республикэ, урысейпсо олимпиадхэм, зэхьэзэхуэхэм щытекIуахэрщ, конференцхэм, жылагъуэ-политикэ гъащIэм жьыдкэру хэтхэрщ.

ГуфIэгъуэ зэIущIэм хэтащ КъБР-м и Парламентым и Унафэщым и кьуэдэ **Саенкэ Татьянэ,** КъБКъМА-м и ректор **Жэрыкъуэ Борис**, «Урысей зэкъуэт» политикэ партым и Къэбэрдей-Балъкъэр щыналъэ кьудамэм и политсоветым хэт **Таукеновэ Галинэ,** ГъэзэщIакIуэ комитетым и Iэтащхьэ **Канунниковэ Татьянэ,** куейхэм щIы парт кьудамэхэм я Iэтащхьэхэр, егъэджакIуэхэр, адъанэхэр.

- Мы Iуэху дахэм и кьалэн нэхъыщхьэр еджакIуэ, студент нэхъыфIхэм гу ялытэнырщ, жэрдэм зиIэхэр нэхъри тегъэгушхэныращ, - жиIащ Жэрыкъуэм. - Апхуэдэ Iуэхугъуэ куэдым нужь ит «Урысей зэкъуэт» политикэ партым иригъэкIуэкI лэжьыгъэхэм лъабжьэ яхуэхъуэр псоуэкIэр егъэфIэкIуэныращ, щIалэгъуалэм гъэзгу ельынырщ, гъащIэм и лъэныкъуэ псоми зегъэужьынырщ. Партым и Iэтащхьэхэр, фэ зэрыфIащIи, кьэралу унафэщIхэр араущ, абыхэм зэрахьэ Iуэхухэм кьарикIуэ фIыр псоми доГъэгъу. Ахэр кьыбгъэрыуэу, дыдэзэрыфщыгугъым хуэдэу фыкьыщIэкIыну сыхуейщ.

Саенкэ Татьянэ КъБКъМА-м и 5-нэ курсым щеджэ Бэрэздж Фатlимэ дипломыр прет.

Къэбгъэльагъуэмэ, нэхъыщхьэу дызэрыфхуэхъуапсэр гупсысэ пыухыкIа фIэу фыпсэуныр, фи увыпIэр зэпгъэгъэтыжыныр. Ди республикэр кьапщтэмэ, «Урысей зэкъуэт» партым хэтхэр гуп зэрыIыгъ, пъэрызехь хъуащ. Абы цIыху мин 40-м щIигъу кьызэщIеубыдэ, апхуэдизэ дыдэ акъыгъэуу яIэщ. Абыхэм я кьалэн нэхъыщхьэхэм ящыщщ кьыдэкIуэтей щIэблэм щIэныгъэрэ гъэсэныгъэрэ ябгъэдэльхьэныр. А Iуэхум толажьэ партым кьрихьэжьа пъэпкъ проектхэр, нэгъуэщI программэ щхьэхуэхэр. Апхуэдэ Iэмалхэр кьэбгъэсэбэпу фи мурадхэр зэвгъэхьулIану, пьагапIащIэхэр зыIэрывгъэхьэну си гуапэщ.

Жэрыкъуэм и ужькIэ къэпсэльащ Саенкэ Татьянэ. Абы кьыхигъэщащ егугъуу еджэхэм стипендие етыныр партым иригъэкIуэкI Iуэху нэхъыфIхэм зэращыщыр, абы щIалэгъуалэр нэхъри зэрытригъэгушхуэр. Кьэралым, щIыналъэм кьахуищI гульытэмрэ кьаригъэз дзыхьымрэ зыхащIу, абы хуэфащэу кьыдэкIуэтеину, цIыху зэпIэзэрыт кьахэкIыну зэрихьэлсапIэр жиIащ кьэпсальэм. ЩIалэгъуалэм ехъуэхъуащ Таукеновэ Галинэ, Канунниковэ Татьянэ сыми. НыбжьыщIэхэм кьабгъэдэкIыу, «Урысей зэкъуэт» партым и Iэтащхьэхэмэ, абы ди щIыналъэм щIэ кьудамэм и унафэщIхэми фIыщIэ хуащащ, кьыхуащIа гульытэм жэуаплныгъэ нэхъыбэ кьаззэрихьыхьар кьыхагъэщу кьэпсэльащ Хьэгъэбанэ Динэ, Бичиев Солтанбек, Лукьяевэ Тамарэ,Ботэщ Светлмыр, Къуийцыкlу Iэсият сымэ, нэгъуэщIхэри.

ХьэщIэхэм республикэм и пщэдейм жьыдэжру кьыхуэужьэну щыщIугъуэ ныбжьыщIэ 47-м сертификатхэр иратыжащ нкIи кьыхаха гъуэгум щIемыгъуэжу тетыну, щIэныгъэм и куэгъаным гъуэгуанэщIэхэр кьыззэрызэIуихыр зыщагъэмыгъэгъупщэну чэнджэщ ираущ.

НЭЩIЭПЫДЖЭ Замирэ.

Сурэтхэр **КЪАРЕЙ Элинэ** *трихащ.*

КъБКъМА-м и ректор Жэрыкъуэ Борис зэIущIэр кьызэIуех.

● КъБР-м и Правительствэм

Дапщэщи хуэдэу

КЪЭРАЛЫМ и дэнэ щIыпIи хуэдэу, хабзэ зэрыхъуам тету, Хэку зауэшхуэр ди текIуэныгъэкIэ зэриухрэ илъэс 67-рэ зэрырикъур накьыгъэ маэмк Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъэпIэнущ. Абы хуэфащэу зыхуагъэхьэзырырикIи зэпэщу ирагъэкIуэкIын папщIэ, «2009 - 2012 гъэхэм КъБР-м щэнхабзэм зэрызыщиужьынур» республикэ программэ хэкам кьызэрыщыгъэпэсэгъуэм хуэдэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым и Правительствэм кьищта унафэм инкIа иткIэ, а Iуэхум сом мин 950-рэ хуаутIыпащынущ.

Апхуэдэу ТекIуэныгъэ Иныр гъэльэпIэным зыхуэгъэхьэзырыныжьмкIэ кьызэрэпэщакIуэ комитетым хэтхэр кьащтащ. Абы и тхьэмадэщ КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьуэдэ Ерчэн Темболэт.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Къэрал сыхьэт

Ныбжьыщ1эхэр трагъэгушхуэ

«Къэрал сыхьэт» хьыбарегъащIэ-уэрщIыныгъэ проектым хыхьу, Къэбэрдей-Балъкъэрым Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм и лIыкIуэхэр Налшык дэт курыт еджапIэ №32-р къэзыуххэм мэлыжьыхьым и 13-м яIущIащ. Ар зытеухуауэ щытар кьэралымрэ республикэмрэ я зыужьынныгъэм щIалэгъуалэм щаIэ мыхьэнэрщ.

КъБР-м МЭКЪУМЭЩ хозяйствэмкIэ и министрым и кьуэдэ **Биттиев Хьэким** еджакIуэхэр хигъэгъуэзащ республикэм и агропромышленнэ комплексым нобэ и Iуэху зыIутым, згъэзащIэ программэхэр зыхуэдэм, а Iэнатlэм зиужьынымкIэ щыIэ хэкIыпIэхэм.

- ЩIалэгъуалэр фыхуэмыжьыдэржэмэ, фи кьарур, фи зэфIэкIыр хуэзщIэвмыгъэуIэну, инноваци технологиехэр нэгъэсауэ кьытхуэгъэсэбэпынкъым. Кьыхэфхыну Iэщагъэм емыльытауэ, ди кьэралым, республикэм я пщэдейр зыухуэну кьызыпэещытыр фэращ, - кьыхигъэщащ абы.

ИужькIэ еджакIуэхэр куэдым щIэупщащ. Кьапщтэмэ, мыIэрысэхэм, бананхэм я уасэхэм кьадэкIуэу, хьэрычэтщIэ ныбжьыщIэхэр, сабий зэчинфIэхэр, кьуажэдэс Iэщагъэдl щIалэхэр кьэралым зэрыдгIыгъ щIыкIэм. Министерствэм мэкъумэщ щIэныгъэ жьыдапхъэ къэгъэкIынымкIэ и кьудамэм и унафэщI **ПщыхьэщIэ Тlэхьиррэ** Iэщ гъэхуныжьмкIэ Iэщагъэдl **Мусукаев Алимрэ** абыхэм я упщIэхэм зэпкърыхауэ жэуап ратащ.

КъБКъМА-м и ветеринарнэ медицинэ, зоониженер факультетхэм я деканхэу **Тэрчокъуэ Тимур, Джатокъуэ Олег** сымэ еджапIэ нэхъыщхьэхэр кьэзыухэр Iэнатlэкlэ кьызэрызэрагъэпэщ щыкIэм яхутепсэльыхьащ. Апхуэдэу абыхэм ныбжьыщIэхэр хагъэгъуэзащ я мэкъумэщ академием Iэщагъэдlэхэр зэрыщагъэхьэзырым хэтхэм щхьэхуэныжьыкIэ щыIэ.

ЗIущIэр щызэхуищIыжым Биттиев Хьэким курыт школыр кьэзыухэм экзаменхэр зэпэщу ятыну екъуэхъуащ икIи мэкъумэщ Iэщ1агъэм хуеджэнуэр абыхэм кьахэкIыну зэрыщыгугъыр кьыхигъэщащ.

КъБР-м Мэкъумэщ хозяйствэмкIэ и министерствэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Налшык щыщ еджакIуэхэр токIуэ

УФ-м Егъэджэныгъэмрэ щIэныгъэмкIэ и министерствэм, Егъэджэныгъэмкlэ урысейпсо академием, РАЕН-м, нэгъуэщI щIэныгъэ центрхэми я нэIэм щIэту, «Урысейм и лъэпкъ мылъкур» фIащу щIалэгъуалэ зэчинфIэхэм я урысейпсо зэпеуэ ирагъэкIуэкIам ящэ нагъыщэ зиIэ и дипломыр кьыхуагъэфащащ Налшык кьалэ щыщ ныбжьыщIэхэу Щэныбэ Мухьэмэдрэ (курыт школ №25) Хульчаевэ Саниятрэ (курыт школ №15).

10-нэ классым щIэс Щэныбэ Мухьэмэд утыку кьрихьа «Щэныбэхэ я лъэпкъым и тхыдэр» зэныжьыгъэ абы игъэзащIащ «Шанс» щIэныгъэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Завода Еленэ и нэIэм щIэту. Щэныбэхэрэ Хульчаевхэрэ кьаухэкIащ республикэм и жылагъуэ, щIэныгъэ, щэнхабзэ гъащIэм хэлъхьэныгъэшхуэхэр хуэзыщIа цIыху цIрыIуэхэр. ЛъэпкъитIми я нэхъыжьхэр лIыгъэрэ хахуагъэрэ кьагъэльагъуэу хэтащ Хэку зауэшхуэм.

Мухьэмэдрэ Саниятрэ я лэжьыгъэхэр фIы дыдэу кьаззэрехъулIар Москва щыщыкIагъащ. Абыхэм я лэжьыгъэхэр ихуащ «Урысейм и лъэпкъ мылъкур» урысейпсо конференцым кьащтэта Iуэхугъуэ нэхъыфIхэм ятеуухуа тхыгъэхэр зэрыт тхылъым.

Я нэхъыжьхэм я зэфIэкIхэмрэ екъулIэныгъэхэмрэ фIыуэ щыгъуазэ ныбжьыщIэхэм пIалъэ пыухыкIа яIэкъым. Гъэзгу зэхэкIыпIэхэм я гъэшIыпIэхэр ирагъэфIэкIуэнущ, автомобиль дэдэныхьпIэ-гъэувынIэ зыбжанэ яухуэнущ. Уэрамым тельа асфальтыр зэрахъуэжьынур, нэхъ мащIэрауэ 2020 гъэ пщIондэ кьэтIу ядгъэуцкъым.

Кьалэм и махуэм ирихьэлIэу екIуу кьагъэщIэрэщIэжыну уэрам дахэм цIыхухэм кьыщакIуахьын хуэдэу, лэжьыгъэхэр зыщIхьэIум и кIэм яухынущ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

● Ди къалащхьэм

Уэрам нэхъыщхьэр къагъэщIэрэщIэж

Налшык щыщIадзащ абы и уэрам нэхъыщхьэр - Лениным и цIэр зезыхьэр - къэгъэщIэрэщIэжьыным теухуа лэжьыгъэхэм. Заказчикыр щыпIэ администрацэм коммунальнэ хозяйствэмрэ зэIуэзэщыныгъэмкIэ и Iуэхущ1апIэрщ. Абы и унафэщI Киримов Виктор зэрыжиIамкIэ, къалэ бюджетым щыщу сом мелуани 157-рэ реконструкцэм хуохьынущ.

ЯГЪЭЗЭЩIЭНУ проект зэхэтым хохьэ ильэс 20-25-рэ и пэкIэ яукъуэдия хуабэ кIуап1эхэр, зи пIалъэр икIа элементрэ кьоэхэр хьуэжьынырщ. КьыщынэмыщIауэ, гъуэгубгъуэхэм щагъэува мывэ гъэжкаэр (бордюрэхэр) гранитым кьыхэущIадзэмкIэ зэрахъуэжащ. Псоми зэращIэщи, бетонкIэ ягъэжа бордюрэхэр мыкьутэу ильэси 4-5 нэхъыбэ дахьрыкьым, гранитым кьыхэущIыкIаэхэм пIалъэ пыухыкIа яIэкъым. Гъэзгу зэхэкIыпIэхэм я гъэшIыпIэхэр ирагъэфIэкIуэнущ, автомобиль дэдэныхьпIэ-гъэувынIэ зыбжанэ яухуэнущ. Уэрамым тельа асфальтыр зэрахъуэжьынур, нэхъ мащIэрауэ 2020 гъэ пщIондэ кьэтIу ядгъэуцкъым.

Кьалэм и махуэм ирихьэлIэу екIуу кьагъэщIэрэщIэжыну уэрам дахэм цIыхухэм кьыщакIуахьын хуэдэу, лэжьыгъэхэр зыщIхьэIум и кIэм яухынущ.

Налшык къалэ администрацэм и пресс-Iуэхущ1апIэ.

Газетхэмрэ журналхэмрэ къевгъэхьыну фыхуеймэ...

«Урысейм и пощт» федеральнэ кьэрал предприятэм и кьудамэу КъБР-м щыIэм и Iуэхущ1апIэ псоми мэлыжьыхьым и 1-м щыщIэдзауэ цIыхухэм Iэ щытрадзэ хьунущ 2012 гъэм и етIуанэ илъэс ныкIуэм кьрагъэхьыну газетхэмрэ журналхэмрэ. Пощтым и лэжьакIуэхэм цIыхухэм Iэ зыщIадза кьыдэкIыгъэхэр и зэманым кьриубыдэу унагъуэхэм яхьынущ. Апхуэдэу ахэр кьыщыIахьык хъунущ пощтым и Iуэхущ1апIэхэмк.

Газетхэмрэ журналхэмрэ Iэ щIэдзыным пыща псоми нэхъ зэпэкрыхауэ щыгъуазэ зыщыфщI хъунущ пощтым и Iуэхущ1апIэхэм.

Щэныбэ Мухьэмэд

Хульчаевэ Саният



Яхудичыхьрыкъым

«Лукойл» НК-м и Iэтащхьэ Алекперов Вагит дыгъуасэ зэрыжиIамкIэ, хамэ кьэралхэр Iраным теуэрэ абы зауэм щыщIидзэмэ, ар и щхьэусыгъуэу, щIыдагъэм и уасэм хэхъуэнукым.

- Щыдагъэм нобэ иIэ уасэм - зы баррелым хуэзэу доллари 124-м - хеубыдэ. Ираным пыща шынагъуэхэри. Аращ а зауэр кьхъыеIмэ, уасэхэм куэдкIэ зыщIамыIэтынури, - жеIэ абы.

АтIэми, и ядернэ Iуэхуэхэр зыхуэдэр Iупщ1у Тегеран кьымыгъэльэгъуауэ, США-м кьигъэувэ санкцIэхэр зэрыIуимыхьжынур вэсэмахуэ жиIащ кьэрал секретарь Клинтон Хиллари. Псори попльэ накьыгъэм и кIэм Ираным и ядерэ Iуэхуэхэм теухуауэ Багдад щызэхэтыну зэIущIэм. Абы щызэIущIэнущ Тегеран и ядерэ щытыкIэмкIэ Iуэхуэхэм елъэжь кьэралихыжрэ (Инджылызыр, Китайр, Урысейр, США-р, Франджыр, Германиер) езы Ираным и лIыкIыгъэхэмрэ.

Ираным и МИД-м и Iэтащхьэ Алий Акбар Салехи вэсэмахуэ зэрыжиIамкIэ, абы и кьэралыр хьэзырщ я Iуэхуэхэр зыхуэдэр кьехьэкI-нехьэкI хэмылъу а зэIущIэм кьыщцIэлъэгъуэну, кьаръэбэта хьэзыру ураныр кьызэрэращэнумкIэ езыхэм щэсыпIэ кьратмэ.

ХьтIыгу кьулей цыкIущи...

Китаймрэ Япониемрэ куэд щIауэ щызэдауэ щы Iуэхуэхэр аргуэру щIэрыщIэу кьызэщIопльэж. Мыхьэм абы щхьэусыгъуэ хуэхъуащ Токио и кьалащхьэ префектурэм Сенкаку (Диоюйдао) хьтIыгу кьыщэхуну мурад зэрищIар. Ар нобэр кьыздэсым уней мылькуу зэрыщытым зэдауэр игъэщIэбащ, кьэралитIри зэкъым зэрыщыгъэ.

КьэралитIри зэкъым иужь зэритар я десантыр Сенкаку щрагъэтIысыкIыну. Ар Китаймэ Япониемэ я кьэрал гъунапхъэхьумэхэм яхьумэну нужь итщи, я зэхуэкIуагъуэ кьыдэхьуэ зэрэпытщ.

Атlэми, и ядернэ Iуэхуэхэр зыхуэдэр Iупщ1у Тегеран кьымыгъэльэгъуауэ, США-м кьигъэувэ санкцIэхэр зэрыIуимыхьжынур вэсэмахуэ жиIащ кьэрал секретарь Клинтон Хиллари. Псори попльэ накьыгъэм и кIэм Ираным и ядерэ Iуэхуэхэм теухуауэ Багдад щызэхэтынущ зэIущIэм. Абы щызэIущIэнущ Тегеран и ядерэ щытыкIэмкIэ Iуэхуэхэм елъэжь кьэралихыжрэ (Инджылызыр, Китайр, Урысейр, США-р, Франджыр, Германиер) езы Ираным и лIыкIыгъэхэмрэ.

Ираным и МИД-м и Iэтащхьэ Алий Акбар Салехи вэсэмахуэ зэрыжиIамкIэ, абы и кьэралыр хьэзырщ я Iуэхуэхэр зыхуэдэр кьехьэкI-нехьэкI хэмылъу а зэIущIэм кьыщцIэлъэгъуэну, кьаръэбэта хьэзыру ураныр кьызэращэнумкIэ езыхэм щэсыпIэ кьратмэ.

Я фIэщ хъужьрыкъым

Дыгъуасэ «Файнэншл таймс» газетым кьызэрыстехуамкIэ, ящыкIэ мазэ 24-м кьрныбыдэу ЕС-м и еврозонэр кьэрал облигацIэхэмкIи и рынокым дунейпсо инвесторхэм кьыхахыжащ евро меларди 100.

Апхуэдизэу куэду икIи псынщIэу ахъшэм еврозонэр зэрибгынэм и зэранкIэ, мыгувэу Испаниер финансхэмкIэ кьэрал щыIэ дэIэпыкIуэгъуэхэм хуэныкьуэ хъунущ, а зонэм хьыхь дэтхэнэ кьэралми и экономикэр кризисым нэхъ кууужу зэщIиулIэнущ.

Экспертхэм кьызэрахутамкIэ, хьэрычэтщIэхэм я мыльку псом хуэмыдэжу куэду кьыхахьэк Франджым, Италием, Испаниеми я кьэрал облигацIэхэм. Ар и щыхьэтщ абыхэм Европэм и ахьшэр я фIэщ зэрымыхъужым, евро м и пщIэм зиIэтыным, ар кьахуеГъэльынымк хьэрычэтщIэ дунейр зэрыщымыгугъыжым.

НОБЭ

Фэеплъэмрэ тхыдэ мыхьэнэ зиIэ щыIэныгъэмрэ я дунейпсо махуэщ

1242 гъэм Чудскэ гуэлым деж Невский Александр и дзэм щыхигъэщIащ нэмыцэм я дзэр.

Зимбабве Республикэм и лъэпкъ гуфIэгъэуцI - 1980 гъэм кьэрыгъуэ щыхьухуат хьуащ.

Илъэс 90 ирокIу «Спартак» (Москва) топджэгу кокмандэр. СССР-м и чемпион 12-рэ хьуащ, Урысейм и чемпионатхэм 9-рэ щытекIуащ, СССР-м и Кубокыр 10-рэ кьихьащ, Урысейм и Кубокыр 3 кьыхуагъэфэщащ.

Мэлыжьыхьым и 18 - 20-хэм Страсбург (Франджы) щызэхэтыну щIэпхъэджагъэкIэ зызэрагъэхьэ мылькур кьатехьынымкIэ, апхуэдэ Iуэхугъуэхэм щамыгъэIэнымкIэ конвенцIэм хэт къэралхэм я зэIущIэ.

1970 гъэм Балэ Мухьэдинрэ Кьардэн Хьэсэнрэ ягъэуващ «Мадинэ» ипэ адыгэ оперэр.

Дунейм и щытыкIэнур

«meteonovosti.ru» сайтым кьызэритымкIэ, нобэ Налшык пшэр техьэ-текIуэ щыщытынущ, хуабэу махуэм градус 19 - 23-рэ, жэщым градус 11 - 15 щыIэнущ. Дыгъэр кьыщIэкIынущ сыхьэти 6-рэ дакьикIэ 17-м, кьухьэжьынущ сыхьэт 19-рэ дакьикIэ 52-м.

Хьэуам и псыIагъэр кьитIасэнущ процент 40-72-м.

Пlыанэрэр зыгъэхьэзырар **ГЪУЩIО Зарифщ.**

Лъэпкъ Iущыгъэ:

Ущысу укъэзымылъагъум утэджкIэ укъитлъагъункъым.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Указ

Ахъшэ-кредит политикэ зэгуэтыр пхыгъэхІыным пыщІауэ зэрызэгурыІуа Іуэхуэхэр гъэзощІэн, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и гъэзощІакІуэ органхэр кредит организацхэхэм тэмэму ядолъжьэныр кьызэгъэщын мурадкІэ, **унафэ сшІ:**

1. Къэщтэн мы Указым щыгъуэ:

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым теухуа Положенэр;

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэр.

2. Кьару ямыІэжу къэлыытэн:

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2004 гъэм мазаем и 13-м кьыдигъэкІа Указ №42-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм шыщхьэІум и 24-м кьыдигъэкІа Указ №118-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2004 гъэм мазаем и 13-м кьыдигъэкІа Указ №42-УП-м, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм дыгъэгъазэм и 6-м кьыдигъэкІа Указ №151-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2008 гъэм мазаем и 29-м кьыдигъэкІа Указ №32-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм мэкъуаугъэм и 29-м кьыдигъэкІа Указ №89-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2009 гъэм фокІадэм и 15-м кьыдигъэкІа Указ №156-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм мазаем и 1-м кьыдигъэкІа Указ №14-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2011 гъэм дыгъэгъазэм и 30-м кьыдигъэкІа Указ №197-УП-м;

«Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэм, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Президентым 2006 гъэм мазаем и 3-м кьыдигъэкІа Указ №13-УП-мкІэ кьиштам, зэхъуэкІыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхукі» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 1-м кьыдигъэкІа Указ №34-УГ-м.

3. Мы Указым кьару егъуэт Іэ щыщІэзэдза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэ КЪАНОКЪУЭ Арсен

Налшык къалэ
2012 гъэм гъатхэпэм и 30-м
№61-УГ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм 2012 гъэм гъатхэпэм и 30-м кьыдигъэкІа Указ №61-УГ-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Лъэпкъ банк советым хэтхэр:

Жылэ В. Хь. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и япэ кьуэдзэр *(Советым и тхьмадэщ)*

Тау П. КІ. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Жылагъуэ палатэм и тхьмадэр *(Советым и тхьмадэм и кьуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Тхъэмокьуэ А. Ч. - Урысей Федерацэм и Банк нэхъыщхьэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэ и Лъэпкъ банкым и унафэщІыр *(Советым и тхьмадэм и кьуэдзэщ, зэгурыІуауэ)*

Ажахьуэ Къ. М. - «БУМ-БАНК» коммерцэ банк ООО-м и правленэм и унафэщІыр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и коммерческэ организацэхэм я союзым («Налшык» бизнес-клуб) и тхьмадэр *(зэгурыІуауэ)*

Алихановэ З. А. - «ЩІыналъэ зэхуаку клиринг банк» коммерцэ банк ООО-м и «Налшык» ІуэхукІапІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Ахъуэхъу Къ. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым Бюджетымкіэ, налогхэмкІэ, финансхэмкІэ и комитетым и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Ащхъуэт А. М. - «Къэбэрдей-Балкъэр бизнес инкубатор» кьэрал Іуэхукі апІэм и унафэщІыр

Быф Р. Ж. - Федеральнэ налог кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Бышэн А. А. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм финансхэмкІэ и министр

Жад А. Т. - «ВТБ» банк акционер зэгухэныгъэ зэІуахэм и кьудамэу Ставрополь къалэм щыІэм Налшык къалэм дэт и Іуэхукі апІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Къэушырокьуэ З. Къ. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и Администрацэм и Унафэщім и япэ кьуэдзэр

Кьылышыкъуэ А. И. - «ОПОРА России» хьэрычэт Іуэху щІыкІымрэ курытымрэ дэІыгъыныкІэ Урысейпсо жылагъуэ зэгухэныгъэм и щІыналъэ кьудамэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Лыхъ З. А. - «Россельхозбанк» акционер зэгухэныгъэ зэІуахэм и Къэбэрдей-Балкъэр щІыналъэ Іуэхущ ІапІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мэремокьуэ А. В. - «Еврокоммерц» ООО коммерцэ банкым и правленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Мусуков А. Ті. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм экономикэ зыужьыныгъэмрэ сатумкІэ и министрыр

Пщышэ Кь. Хь. - Федеральнэ антимонопольнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Рыжиков А. В. - «Московский индустриальный банк» акционер зэгухэныгъэ зэІуахэм и кьудамэу Налшык къалэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Урысбий Хь. Хь. - Урысей Федерацэм и ХьуманІэ банкым и Кавказ Ищхьэрэ банкым и Къэбэрдей-Балкъэр Іуэхущ ІапІэ №8631-м и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Урысмамбэт В. Т. - «ВТБ 24» акционер зэгухэныгъэ зэхуэщІам и щыналъэ Іуэхущ ІапІэ №2351-м и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Уэнаевэ А. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр *(Советым и секретарщ)*

Черешковэ Ю. Н. - «Прохладнэ» банк ООО-м и правленэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Щауэжь Хь. В. - Кьэрал Іуэхущ ІапІэм - Урысей Федерацэм и Пенсэ фондым и кьудамэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІыр *(зэгурыІуауэ)*

Эндреев Б. А. - «Налшык» банк ООО-м и правленэм и тхьмадэр, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Банкхэмрэ страховщикхэмрэ я ассоциацэм и президентыр *(зэгурыІуауэ).*

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и коллегием теухуауэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм мазаем и 24-м ***№33-ПП***

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и коллегием хэтхэр зэхэщІыным, мы Унафэм и гъэдэсным зэриты хуэдэу.

2. Кьару имыІэжу къэлыытэн «Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмрэ жылагъуэ зэгухэныгъэхэм ядолэжьэныкІэ и министерствэм и коллегием теухуауэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2011 гъэм жэпуэгъуэм и 11-м кьыдигъэкІа Унафэ №305-ПП-м.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм 2012 гъэм мазаем и 24-м кьыдигъэкІа Унафэ №33-ПП-мкІэ къыщыгащ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министерствэм и коллегием хэтхэр:

Хъыжьрокьуэ С. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрыр *(коллегием и унафэщІщ)*

Водопьянов А. Л. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьуэдзэр

Геккиев С. З. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Дол А. З. - Налшык къалэ округым и щыналъэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Жаным С. Р. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІалэгъуалэм я Іуэхуэхмкіэ и министрым и кьуэдзэм и кьалэнхэр зыгъэзащІэр

Жэрыкъуэ Б. Хь. - Урысей Федерацэм МэкъумэщІ хозяйствэмкІэ и министерствэм и «КІуэкІуэ В. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балкъэр кьэрал мэкъумэщ академие» профессионально щІэныгъэ нэхъыщхьэ щІагъэгъуэт федеральнэ кьэрал бюджет Іуэхущ ІапІэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Къарамырзэ Б. С. - «Зэрбэч Хь. М. и цІэр зезыхьэ Къэбэрдей-Балкъэр кьэрал университет» профессионально щІэныгъэ нэхъыщхьэ щІагъэгъуэт федеральнэ кьэрал бюджет Іуэхущ ІапІэм и ректорыр *(зэгурыІуауэ)*

Кьэрдэн М. Н. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и чэнджэщэгъуэр *(зэгурыІуауэ)*

Минин В. П. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэм я Іуэхуэхмкіэ и кьэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэр

Назрэн Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым и деж щыІэ ЩІалэгъуалэ палатэм и лЫкІуэу Урысей Федерацэм и Кьэрал Думэм и Федеральнэ Зэхуэсым и деж щыІэ Жылагъуэ щІалэгъуалэ палатэм (ЩІалэгъуалэ парламентым) хэтыр *(зэгурыІуауэ)*

Наразиев В. В. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Ремизов Е. В. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щІэныгъэмкІэ и министрым и кьуэдзэр

Соловьев Н. Г. - Урысей Федерацэм Наркотикхэр зэрызэблагъэкІым кІэлъыплъныныкІэ и федеральнэ кьулыкъущІапІэм и Управленэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм и унафэщІым и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Тэпшиев А. М. - Кьэрал кІуэцІ Іуэхуэхмкіэ министерствэу Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щыІэм жылагъуэ хабзэр хъумэныкІэ и полицэм и унафэщІым и кьуэдзэр *(зэгурыІуауэ)*

Хьагурэ Дж. В. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Щыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІым и кьуэдзэр

Хьэщцхъуэжь Т. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Парламентым ЩІалэгъуалэм, жылагъуэ зэгухэныгъэхэм, щыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэмкІэ я Іуэхуэхмкіэ и комитетым и унафэщІым *(зэгурыІуауэ)*

Куумакиз М. Л. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм ЩІыхьэ хъыбарегъащІэ Іуэхущ ІапІэхэмкІэ и кьэрал комитетым и унафэщІым

Фырэ Р. Б. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм щэнхабзэмкІэ и министрыр

Щокьэрэ З. М. - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Іуэхущ ІапІэм и унафэщІым - Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Іэтащхьэм и пресс-секретарыр.

2. КьызэгъэпэщакІуэ комитет хуэгъэувын ищхьэкІэ кьыщыгъэлъэгъуа юбилей Іуэхуэхэм зыхуэгъэхьэзырыныкІэ ахэр егъэкІуэкІыныкІэ программэр зэхилъхьэу кьыщитну икІи ар гъэзощІэнкІэ кьызэригъэпэщыну.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

«2012 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм куэду зэтемыт псэупІэ унэхэр щыхуэныным зыщыгъэужьын зэрыхуейр къэпІытауэ, щыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІагъэІэпэхъукІыныр» программэ пыухыкІам и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм гъатхэпэм и 16-м ***№51-ПП***

«ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным зыщІэгъэкъуэныныкІэ фондым и Іуэхукіэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №185-ФЗ-м ипкъ иткІэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. «2012 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм куэду зэтемыт псэупІэ унэхэр щыхуэныным зыщыгъэужьын зэрыхуейр къэпІытауэ, щыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІагъэІэпэхъукІыныр» республикэ программэ пыухыкІар къщэтэн.

2. Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм Финансхэмкіэ и министерствэм (Бышэн А.А.) хуэгъэувын «2012 гъэм, 2013, 2014 гъэхэм я пІэхъэхэмэ Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и республикэ бюджетым и Іуэхукіэ» Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкІыныгъэхэр щыхилъхьэжІэ, «2012 гъэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм куэду зэтемыт псэупІэ унэхэр щыхуэныным зыщыгъэужьын зэрыхуейр къэпІытауэ, щыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІагъэІэпэхъукІыныр» республикэ программэ пыухыкІар гъэзэщІэным текІуэдэну ахъшэр кьилъытэну:

федеральнэ законодательствэм ипкъ иткІэ кьэрал корпорацэм - ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным зыщІэгъэкъуэныныкІэ фондым и ахъшэу хэхъуэхэм я бюджет классификацэм и 925 2 03 02060 02 0000 180 «Куэду зэтемыт псэупІэ унэхэр щыхуэныным зыщегъэужьын зэрыхуейр къэпІытауэ, щыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІагъэІэпэхъукІыным трагъэкІуэдэн папщІэ кьэрал корпорацэм - ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным зыщІэгъэкъуэныныкІэ фондым къыбгъэдэкІыу Урысей Федерацэм и субъектэм ямыпшынэныкъыу хуаутІыпщыр» кодыкмкІэ кьаІэрыкъэнухэр - сом мин 61.372,8-р;

республикэ бюджетым и хэщІхэм я пІэнакъуэкІэ - кьэрал корпорацэм - ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным зыщІэгъэкъуэныныкІэ фондым кьиутІыпщамрэ статьэ пыухыкІахэм ямкъ иткІэ а ахъшэм щыщу кьагъэсэбэпамрэ;

0980104 «Кьэрал корпорацэм - ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным зыщІэгъэкъуэныныкІэ фондым кьиутІыпщ ахъшэм и хьэкъкІэ «Куэду зэтемыт псэупІэ унэхэр ухуэным зегъэужьын зэрыхуейр къэпІытауэ, щыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІагъэІэпэхъукІыным пыщІа лэжьыгъэхэр дэгъэкІыныр» кодымкІэ - сом мин 62.331,0-р;

0980204 «Куэду зэтемыт псэупІэ унэхэр ухуэным зегъэужьын зэрыхуейр къэпІытауэ, щыхуэхэр унэ ныкъуэкъутэхэм кьыщІагъэІэпэхъукІыным пыщІа лэжьыгъэхэр бюджет ахъшэм и хьэкъкІэ дэгъэкІыныр» кодымкІэ - сом мин 18.639,4-р.

3. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и УнафэщІым и кьуэдзэ Уянаев К.Хь-М.

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщі ГЕРТЕР Иван

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм псэупІэр зи мылькуу щытхъэм я зэгуэхэныгъэхэр кьызэгъэпэщынымрэ ахэр гъэлэжьэныкІэ Іэмал тэмэмхэр щызэтегъэувэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я планым и Іуэхукіэ

Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2012 гъэм гъатхэпэм и 16-м ***№52-ПП***

«ПсэупІэ-коммунальнэ хозяйствэм и ІэнатІэм реформэ щегъэкІуэкІыным зыщІэгъэкъуэныныкІэ фондым и Іуэхукіэ» 2007 гъэм бадзэуэгъуэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №185-ФЗ-м и 14 статьэр гъэзощІэн мурадкІэ, Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещІ:**

1. 2012 - 2015 гъэхэм Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм псэупІэр зи мылькуу щытхъэм я зэгуэхэныгъэхэр кьызэгъэпэщынымрэ ахэр гъэлэжьэныкІэ Іэмал тэмэмхэр щызэтегъэувэным хуэунэтІауэ зэфІэгъэкІыпхъэхэм я планым и Іуэхукіэ

2. Мы Унафэр зэрагъэзащІэм кІэлъыплъыну и пщэ илъхьэн Къэбэрдей-Балкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщім и кьуэдзэ Уянаев К.Хь-М.

